# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ  में तिहत्तरवां अखिल भारतीय पुलिस रेसलिंग क्लस्टर क सुभारम्भ कइलें। येह प्रतियोगिता में देस भर से केन्द्रीय पुलिस बल, राज्य पुलिस बल अउर केन्द्रसासित प्रदेसन क कुलि चौंतीस टीमि हिस्सा ले रहल हइनि। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि हमार सुरक्षा एजेंसियन क नांव भले अलगि–अलगि हो सके ला बाकिर सबकर मिसन एक्के हौ अउर ऊ हवे– भारत क सुरक्षा। उहां के कहलीं कि भारत–नेपाल सीमा होखे चाहे भारत–भूटान सीमा, एसएसबी येह सीमा के सुरक्षा बदे बेहतर कोसिस कइ रहल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में खेलि से जुड़ल गतिविधियन बदे पुरहर कार्ययोजना के आगे बढावल जा रहल हौ। ओलंपिक, कॉमनवेल्थ, अउर विश्व चौंपियनशिप में मेडल पावे वाला अब ले पांच सौ से बेसी खेलाड़ियन क प्रदेस पुलिस में सोझै भरती कइल गइल हौ। ओहर, मुख्यंमत्री नोएडा में बनि रहल आइकिया स्टोर क वर्चुअल जरिया से सिलान्यास कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि साढ़े सात बरिस में उत्तर प्रदेस देस अउर दुनिया के निवेसकन क भरोसा जितले हवे। आइकिया इंडिया के ओरि से प्रदेस में पांच हजार पांच सौ करोड़ रूपिया क निवेस प्रस्ताव पर धन्यवाद देत मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस भारत के अन्दर अब इन्वेस्टमेंट क ड्रीम डेटिनेशन बनि गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने मिशन रोजगार में लखनऊ के लोकभवन में छौ सौ सैंतालीस नौजवानन के वन रक्षक आ वन्य जीव रक्षक पद पर नियुक्ति पत्र बंटिहें। यूपी प्रदूसरण नियंत्रण बोर्डो में एकतालीस अवर अभियंता क तैनाती कइल गइल हौ। प्रदेस सरकार मिशन रोजगार के तहत साढ़े सात बरिस में निस्पक्षता अउर पारदरसिता के आधार पर साढ़े छौ लाख से बेसी नौजवानन के सरकारी नोकरी दिहले हवे। हर विभाग में नौजवानन के लगतारे सरकारी नोकरी दीहल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अगिला दुइ बरिस में प्रदेस में दुइ लाख से बेसी नौजवानन के सरकारी नोकरी से जोड़ले क ऐलान कइले हवें। एकरे बदे तइयारियो चलि रहल हौ।

**********

बनारस जिला में राष्ट्रीय लोक अदालत क आयोजन जिला न्यायाधीस संजीव पाण्डेय के अध्यक्षता में चउदह सितम्बर के दीवानी न्यायालय परिसर में आयोजित कइल जाई। ई जनकारी देत सचिव, अपर जिला जज विजय कुमार विश्वकर्मा बतवलें कि राष्ट्रीय लोक अदालत क परचार–परसार बदे आजु न्यायालय परिसर से परचार वाहनन के रवाना कइल गइल। उहां के बतवलीं कि राष्ट्रीय लोक अदालत के जरिया से मोटर दुरघटना प्रतिकर वाद, दाम्पत्य विवाद, एन०आई० एक्ट० क वाद, बैंक ओसूली क वाद अउर करजा ओसूली जइसन अउरियो वाद क निस्तारण सुलह–समझौता के आधार पर करावल जाई।

**********

राष्ट्रीय क्षय उन्मूलन कार्यक्रम में कुशीनगर जिला में आजु से घरे–घरे सक्रिय टीबी रोगी खोज अभियान क सुरूआत भइल। ई अभियान बीस सितम्बर ले चली। जिला क्षय रोग अधिकारी बतवलें कि येह मुहिम में टीबी क लक्षण वाले मरीजन क ब्लॉक स्तर पर घरे–घरे स्क्रीनिंग खातिर स्वास्थ्य विभाग दुइ सौ ओन्सठ टीमि गठित कइले हवे। सथहीं, मॉनिटरिंग बदे तिरपन गो सुपरवाइजर के जिम्मेदारी दीहल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि सक्रिय टीबी रोगी खोज अभियान में टीबी क पुस्टि भइले पर मरीजन के बहत्तर घंटा के भित्तर इलाज सुरू कइल जाई। चीन्हल गइल टीबी मरीजन के पोसण भत्तो दीहल जाई।

**********

श्री राम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क अध्यक्ष महंत नृत्य गोपाल दास क तबियत खराब  भइले पर उन्हें लखनऊ के मेदांता अस्पताल में भरती करावल गइल हौ। अस्पताल के आईसीयू में उनकर इलाज चलि रहल हो। डॉक्टरन के हिसाबि से उनकर हालति गम्भीर बनल बाटे।

**********

हिंदी साहित्य क पितामह भारतेन्दु हरिश्चंद्र क जयंती आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहल हौ। कई गो संस्थान में गोस्ठी अउर व्याख्यान क आयोजन कइ के उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डारल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो उनके जयंती पर प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें। श्री योगी कहलें कि भारतेन्दु हरिश्चन्द्र क रचना साहित्य जगत बदे अमूल्य निधि बाटे।

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में भीसण गरमी अउर उमस से आम लोगिन क जिनगी अस्त–व्यस्त हो गइल हौ। ओहीं, कुछु जिलन में भिन्नहियें से भइल हल्लुकाहे बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। ओहर, मौसम विभाग प्रदेस क तराई अउर पूर्वांचल के जियादेतर जिला में अगिला तीनि दिन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे। मौसम विभाग बिहने बहराइच, सीतापुर, बाराबंकी, महोबा, ललितपुर, कन्नौज, औरैया, मैनपुरी, एटा अउर कासगंज में भारी बरखा भइले क सम्भावना जतवले हवे जबकि गाजीपुर,  मऊ, बलिया, अजोध्या, मिर्जापुर, चंदौली अउर संत रविदासनगर के सथहीं अउरियो जिलन में बादर गरजले अउर बिजुली गिरले क सम्भावना जतवले हवे।

**********